



Pou Piblikasyon Imedya: 09/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN SYÈJ SOSYAL NAACP BUFFALO NAN KORIDÒ ERITAJ AFWO-AMERIKEN MICHIGAN STREET NAN BUFFALO

*Syèj sosyal la pral etabli nan kote lès istorik ak kiltirèlman rich Buffalo a*

*Pwojè nan bilding Nash Lofts la konplete angajman Gouvènè Hochul pou revitalize vil New York yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmann syèj sosyal Asosyasyon Nasyonal pou Pwogrè Moun Koulè (National Association for the Advancement of Colored People, NAACP) nan Nash Lofts, yon nouvo bilding renove ki sitiye nan Koridò Eritaj Afwo-Ameriken Michigan Street (Michigan Street African American Heritage Corridor, MSAAHC) nan Buffalo. Se pwomotè a ki founi espas biwo a san frè lwaye, ansanm avèk pakin gratis pou vizitè yo nan Koridò a. Nash Lofts, yon pwojè restorasyon ki koute 6 milyon dola, se yon bilding a izaj miks ki mezire 40,000 pye kare ki pral gen ladan 18 nouvo apatman, espas komèsyal, pakin ak yon restoran. Pwojè a pral fonksyone kòm yon pòtay pou Koridò Afwo-Ameriken Michigan Street la, ki se yon katye ki gen renome nan nivo nasyonal - ak entènasyonal - k ap sèvi kòm yon pwen santral pou rezidan ak vizitè ki entèrese aprann sou istwa rich Buffalo a atravè kominote dinamik, magazen, restoran, achitekti, moun ak enstitisyon li yo.

"Mwen fyè pou m akeyi NAACP nan nouvo kay li nan Koridò Afwo-Ameriken Michigan Street Buffalo a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Restorasyon Nash Lofts se yon etap enpòtan nan ranfòse katye istorik sa a epi pral reprezante kay pafè pou NAACP pandan l ap kontinye batay pou egalite, jistis ak yon pi bon avni pou nou tout".

**Gouvènè Adjwen an, Brian Benjamin, te deklare,** "Mwen kontan pou NAACP ki jwenn nouvo syèj sosyal li nan katye sa ki deja istorik. Kounye a plis pase jamè, li enpòtan pou nou bay aksè konplè nan gwoup resous tankou NAACP bay pou kominote majinalize yo. Mwen pa ka tann pou m wè NAACP kontinye ajoute nan devlopman ak kilti Buffalo".

Pandan plis pase yon syèk, NAACP te travay pou asire egalite politik, edikatif, sosyal ak ekonomik pou tout moun ak pou elimine diskriminasyon ki baze sou ras. Dènye ensidan sou britalite lapolis yo, batay kont COVID-19, ak represyon elektoral te lakòz NAACP antrave inegalite, demantle rasis ak akselere chanjman nan domèn enpòtan yo sa gen ladan jistis kriminel, swen sante, edikasyon, klima ak ekonomi.

**Prezidan Branch NAACP nan Buffalo a, Reveran Mark Blue, te deklare,** "NAACP apresye opòtinite pou li gen biwo li yo ki sitiye nan Nash Lofts la. Blding istorik sa yo pral renove yo pral raple nou de pase nou men tou y ap pèmèt nou selebre avni Koridò Eritaj Afwo-Ameriken dinamik la. Nou vle remèsye Gouvènè Hochul, Majistra Brown ak tout responsab eta ak lokal ki te rann posib depasman NAACP la nan nouvo syèj sosyal li".

Siyifikasyon istorik bilding nan 163-167 Broadway ak 64 Nash la yo (ozanviwon ane 1820 ak 1880 yo) rete yon rapèl pwisan pou istwa vas ak enfliyansyèl New York la. Koridò Eritaj Afwo-Ameriken Michigan Street la sitiye nan kè Buffalo anndan Distri Ellicott, jis alès mitan sant vil la, li se yon kote ki rich an kilti remakab pou kominote Afwoameriken an ansanm ak pou tout rejyon metwopolitèn Buffalo-Niagara a.

Pwojè a ap restore kat bilding ki te vid depi plis pase 15 zan. Li gen ladan 18 inite apatman a revni miks, yon restoran ak espas kiltirèl minorite ak fanm yo posede ki ofri sèvis konplè, espas komèsyal pou lwe, sa gen ladan espas ki konsevwa espesyalman pou minorite ak fanm ki posede biznis ak lokatè reprezantan yo nan kominote a. Tout pwojè a nèt pral ankouraje kreyasyon djòb ak investisman nan biznis nan zòn ki te sibi anpil deklen nan investisman pandan plis pase 50 an yo.

**Steven Carmina, Manm Direktè Michigan Broadway, LLC, te deklare,** "Nan non tout gwoup pwopriyetè Michigan Broadway, LLC, mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul, Gouvènè Adjwen Brian Benjamin, Lidè Majorite Crystal People Stokes, Senatè Tim Kennedy, Manm Kongrè Brian Higgins, Majistra Bryon Brown ak Prezidan Konsèy Darius Pridgen dèske yo te kwè nan pwojè sa a depi 2015. Se te yon travay lanmou pou gwoup pwopriyetè nou an epi nou eksite pou nou isit la jodi a ap prezante premye dis apatman yo ak nouvo kay NAACP la. Pwojè sa a pa t ap posib san plis pase yon milyon dola sibvansyon Empire State Development (ESD) lan. Nou pa ka tann pou nou kòmanse lwe inite yo, apati 1ye desanm, bay mendèv nan vil nou an".

Finansman pou Nash Lofts la gen ladan 610,000 dola sibvansyon kapital ki soti nan Fon Devlopman Ekonomik Koridò Kote Lès (East Side Corridor Economic Development Fund, ESCEDF) ESD a, 450,000 dola sibvansyon kapital ki soti nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Lwès New York (Western New York Regional Economic Development Council, WNYREDC), yon Prè Pon 750,000 dola ki soti nan Kòporasyon Devlopman Iben Buffalo (Buffalo Urban Development Corporation, BUDC) ak apeprè 1.7 milyon dola nan Kredi Enpo Istorik ki soti nan Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, NYS OPRHP). Pwojè a te resevwa tou yon egzansyon enpo sou lavant ak enpo sou ipotèk atravè ECIDA.

**Direktè Operasyon ak Komisè Egzekitif Adjwen ESD a, Kevin Younis, te deklare,** "Nou selebre ouvèti biwo NAACP yo nan Lash Lofts, yon bilding ki sèvi kòm yon pwèn ankraj enpòtan pou Koridò Eritaj Afwo-Ameriken Michigan Avenue nan

Buffalo - yon destinasyon touristik ak yon pwèn rankont pou sila yo ki vle vin fè eksperyans istwa rich Afwo-Ameriken an".

**Erik Kulleseid, ki se Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York lan, te deklare,** "Kredi enpo istorik la ki te ede sipòte pwojè sa a reflekte yon misyon enpòtan nan Pak yo pou pwoteje ak prezève eritaj istorik eta a. Isit la nan rejyon Buffalo depi lè pwogram kredi enpo a te elaji an 2010, itilizasyon kredi yo te atire plis pase 1 milya dola nan investisman prive nan resous istorik vil la. Nan dènye ane yo, avantaj kredi sa yo te gaye nan nwayo sant vil la pou pwojè pi piti yo nan Kote Lès li. Kredi sa yo kapab jwe yon wòl kontinyèl pou sipòte devlopman kontinyèl sou ak toupre koridò Michigan Avenue ki reprezante pase, prezan ak avni kominote Afwo-Ameriken vil la".

Pwojè Nash Lofts la se youn nan anpil pwojè ki kontribiye nan revitalizasyon Kote Lès Buffalo. Fon Devlopman Ekonomik Koridò Kote Lès (ESCEDF) Eta New York la ap bay finansman ki bay yon total 50 milyon dola pou investi nan kat koridò komèsyal prensipal nan Kote Lès Buffalo a: Avni Michigan, Jefferson, Fillmore, ak Bailey. Finansman an pral ede revitalize lari prensipal ak koridò komèsyal tradisyonèl yo atravè prezèvasyon bilding istorik yo ak ankourajman investisman prive a izaj miks; finansman pou amelyorasyon kapital nan resous katye yo, agrandisman opòtinite komèsyal yo epi ankourajman ak amelyorasyon posibilite pou pyeton; epi amelyorasyon nan enfrastruktir nan katye sa yo. Fon an ajoute sou investisman ki te fèt anvan sou Kote Lès la ki se 10 milyon dola pou Inisyativ Estabilizasyon Katye (Neighborhood Stabilization Initiative) a ak 5 milyon dola pou Tèminal Santral Buffalo (Buffalo Central terminal) a, ki bay 65 milyon dola total nan investisman depi 2017. Jwenn plis detay nan investisman sa yo nan Ti Liv sou Fon pou Devlopman Ekonomik Koridò Kote Lès la [isit la](#).

**Terry Alford, Direktè Egzekitif, Komisyon Koridò Eritaj Afwo-Ameriken Michigan Street la, te deklare,** "Nou eksite ak kontan ke NAACP lokal nou an ap tounen nan Koridò Eritaj nou an. Sa espesyalman enpòtan pou nou akòz nouvo biwo NAACP la sèlman a kèk pa de kote kay chanpyon nasyonal jistis sosyal la, Mary Talbert, te twouve li otrefwa, li tonbe anfas Legliz Batis Michigan Street la, youn nan dènye estasyon chemen de fè klandesten yo epi se kote, an 1905, entelektyèl renome Afwo-Ameriken sou dwa sivil yo, sa gen ladan figi anblematik tankou W.E.B Du Bois ak William Monroe Trotter, ansanm ak pastè legliz pi ansyen an, Rev. J. Edward Nash, te fonde Mouvmàn Niagara, ki vin anvan NAACP. Nou santi yo retounen lakay".

**Senatè Tim Kennedy te deklare,** "Anba lidèchip eksepsyonèl Reveran Mark Blue, Branch Buffalo NAACP a te kontinye brize baryè enjistis ak konble lakin yo nan egalite rasyal ak sosyal k ap pèsiste nan kominote nou an. Nouvo syèj sosyal sa a, ki byen sitiye nan Koridò Afwo-Ameriken Michigan Street istorik la, pral alimante plis misyon yo pou konstwi yon avni ki pi djanm, pi enklizif, pandan l ap onore istwa ak eritaj kominote Afwo-Ameriken Buffalo a".

**Lidè Majorite Asanble a, Crystal Peoples-Stokes, te deklare,** "Se yon gwo onè pou mwen akeyi NAACP nan syèj sosyal li nan Buffalo nan Koridò Eritaj Afwo-Ameriken vil

la. Achèyman konstriksyon pwojè restorasyon devlopman lojman a izaj miks ki koute 6 milyon dola nan Bilding Nash Loft la a sèvi kòm yon egzantp briyan sou gwo itilizasyon resous lokal ak eta a pou ede revitalize kominote nou an lè li bay lojman abòdab pou rezidan yo ak espas komèsyal ak opòtinite pou minorite yo ak fanm antreprenè yo. Mwen aplodi Biwo Pak New York, Michigan Broadway, LLC ak tout lòt pati enterese nan kominote a ke lidèchip yo te kontribiye nan rann pwojè sa tounen yon reyalyte".

**Majistra Vil Buffalo a, Byron W. Brown te deklare,** "Achèyman nouvo biwo yo nan Chapit Buffalo NAACP la se yon lòt gwo pa an avan pou revitalizasyon Koridò Eritaj Afwo-Ameiriken istorik la. Nouvo kay NAACP a nan Nash Lofts rekonekte pase sit la kòm yon lokal enpòtan pou Chemen de fè klandesten an ak Mouvmman Dwa Sivil la. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou angajman kontinyèl Empire State Development nan kote lès Buffalo ak koridò istorik sa a".

**Prezidan Konsèy Komen Vil Buffalo a, Darius Pridgen, te deklare,** "NAACP ap tounen lakay nan Koridò Eritaj Afwo-Ameriken an. Nou akeyi yo pandan tout vil Buffalo ap travay pou fè sa tounen yon zòn kote nou kapab sonje Istwa Afwo-Ameriken nou an, selebre mizik ak kilti nou ak rasanble kòm yon kominote pou sipòte ak nourri youn lòt - sa ki kreye yon avni meye".

**Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare,** "Nouvo espas NAACP a nan Nash Lofts se yon lòt siy akèy renesans Koridò Eritaj Afwo-Ameriken Michigan Street la ak nouvo enèji k ap revigore Kote Lès Buffalo a. Loje nan bilding istorik epi ki restore byen bèl yo nan Broadway ak Nash, nouvo syèj sosyal la ak espas ki gen rapò yo nan 6 milyon dola pwojè restorasyon Nash Lofts la ajoute vitalite katye a avèk yon vizyon pou lavni".

**N ap jwenn plis enfòmasyon sou NAACP Buffalo a [isit la](#).**

**N ap jwenn plis enfòmasyon sou Nash Lofts [isit la](#).**

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)